

Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK NATIONAL GRID ANONSE AKÒ KI VIZE LEVE MORATWA A IMEDYATMAN

National Grid te idantifye yon mekanis apwovizyonman akoutèm pou sèvi tout kliyan yo ak nouvo aplikan yo pandan de lane k ap vini yo

Konpayi an pral peye 36 milyon dola kòm amann pou dedomaje kliyan yo ke moratwa a te afekte ak pou sipòte pwojè enèji pwòp yo

National Grid pral prezante yon analiz opsyon alontèm yo bay kominote ki afekte yo nan entèval twa mwa, plan alontèm ki dwe anplis pandan otòn 2021 an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon akò avèk National Grid pou leve imedyatman moratwa aktyèl la sou sèvis gaz nan Long Island, Queens ak Brooklyn. National Grid te idantifye mekanis apwovizyonman akoutèm ki pral satisfè avèk pridans demann pou anviwon de lane k ap vini yo, sa ki ap pèmèt li retabli sèvis bay nenpòt kliyan ke li te refize epi reponn tout aplikasyon ki annatant yo. National Grid ap prezante yon analiz opsyon alontèm yo nan entèval twa mwa, ki sijè ak yon pwosesis revizyon piblik. Opsyon alontèm yo ap anplis ak fonksyonèl pandan otòn 2021 an.

Pou dedomaje kliyan yo moratwa a te afekte negativman, National Grid ap peye 36 milyon dola amann. Amann lan ap sipòte tou nouvo mezi konsèvasyon enèji yo ak pwojè enèji pwòp yo jan Direktè Divizyon Bidjè (Division of the Budget) Eta New York la an konsiltasyon avèk Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la te òdone sa.

"Akò sa se yon viktwa pou kliyan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "National Grid pral peye yon gwo amann dèske li pa te abòde pwoblèm apwovizyonman an, pou abi li sou kliyan li yo ak enpak ekonomik negatif yo te lakòz. Konpayi an ap travay tou pou abòde pwoblèm apwovizyonman alontèm lan epi ap prezante opsyon yo nan mwa k ap vini yo bay moun Brooklyn, Queens ak Long Island pou pèmèt yo chwazi pi bon chemen pou pran pou kominote yo a. Jodi a nou te fè sa klè ke nou p ap tolere okenn biznis - gwo oswa piti - vin kase ponyèt rezidan New York yo pou ka fè biznis yo mache. Mwen vle remèsye tou Pwokirè Jeneral Tish James, Senatè Parker ak Manm Asanble Cusick pou èd yo nan rezoud pwoblèm sa a."

"Nou te travay di pou idantifye yon seri altènativ inovatif pou satisfè demannn k ap grandi a. Avèk akò sa a, n ap prezante opsyon pou solisyon apwovizyonman alontèm yo ki garanti kliyan nou yo ap jwenn sèvis yo bezwen ak vle yo", **John Bruckner, Prezidan National Grid nan New York te deklare.** "Avèk retablisman sèvis yo, sipò bay sila yo moratwa ak lòt envestisman nan lavni enèji pwòp alontèm nan New York te

afekte, n ap montre angajman enkonidyonèl nou nan akonpli priyorite nou ki se bay sèvis ki san danje ak fyab."

"Pandan sezon ivè a kòmanse, rezidan New York yo ka rete trankil ke moratwa National Grid la ap finalman leve epi plizyè milye mèt kay ak biznis ki te jwenn refi sèvis ap kapab gen chofaj yo fonksyonèl", **Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare**. "Mwen rekonesan ke Gouvènè Cuomo te pouse National Grid fè sa ki kòrèk la epi te atire atansyon sou zafè enpòtan sa a. Biwo mwen an te lanse yon investigasyon apre odyans sou gwo efè moratwa a te genyen sou moun yo, ti biznis yo ak ekonomi New York la. Nou te resevwa anpil plent, se poutèt sa nou pral kontinye kontwole depre National Grid ak founisè sèvis yo nan eta a pou asire ke rezidan New York yo jwenn tretman ki jis."

Prezidan Komite sou Enèji ak Telekominikasyon Sena (Senate Committee on Energy and Telecommunications) Senatè Kevin S. Parker te deklare, "Moratwa National Grid sou sèvis gaz yo pa te jis ditou pou kominote nan Brooklyn, Queens ak Long Island yo epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo dèske li te travay pou rezoud pwoblèm sa yon fwa pou tout. National Grid te dakò pou leve moratwa sa imedyatman epi konpayi an pral prezante yon analiz opsyon alontèm yo pou asire kominote ki afekte sa yo jwenn sèvis yo bezwen alavni".

Prezidan Komite Pèmanan Asanble sou Enèji (Assembly Standing Committee on Energy), Manm Asanble Michael Cusick te deklare, "Anons jodi a se yon bon nouvel pou kliyan National Grid yo epi se premye etap nan retabli konfyans kay rezidan yo ke moratwa ane sa a te afekte. Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, rezidan New York yo p ap bezwen enkyete yo konsènan chofe kay yo pandan sezon fèt la ak mwa ivè yo. Kòm prezidan Komite Enèji Asanble a, m ap kontinye kontwole sityasyon sa a pou asire rezidan New York yo pa dekonekte ankò de sèvis enpòtan yo yon fason ki pa jis".

Kòm yon pati nan akò a, National Grid pral analize ak prezante opsyon vyab pou rezoud pwoblèm apwovizyonman alontèm yo ki gen ladan: sous enèji renouvlab, estrateji konsèvasyon, yon nouvo tiyo, enstalasyon LNG (Gaz Natirèl Likid), enstalasyon CNG (Gaz Natirèl Konprese) ak sistèm ki entèwoperab. National Grid pral analize opsyon sa yo nan twa mwa k ap vini yo epi prezante yo bay piblik la nan yon fason ki louvri ak transparan atravè yon seri reyinyon piblik nan Queens, Brooklyn, Nassau ak Suffolk. Reyinyon sa yo pral fèt an kowòdinasyon avèk responsab lokal ki eli yo.

Eta a pral travay avèk National Grid ak kominote lokal yo ak responsab eli yo pou idantifye pi bon opsyon alontèm ki disponib lan pou pita nan mwa Jen 2020 pou pèmèt yon peryòd konstriksyon ak tranzisyon san danje ak adekwa nan lide pou opsyon an ka anplas ak fonksyonèl pandan otòn 2021.

Eta New York ap nonmen yon monitè pou sipèvizè operasyon apwovizyonman gaz National Grid yo. Monitè a ap bay Eta New York ak Komisyon Sèvis Piblik la rapò epi se National Grid k ap peye li.

Akò sa ap sèvi kòm baz pou etabli yon òdonans jistifikasyon ke PSC a te emèt nan mwa Oktòb ki kòmanse ak yon pwosedi sanksyon kont National Grid pou vyolasyon prezime Lwa Sèvis Piblik la. Nan mwa oktòb la, PSC a te òdone tou pou konekte

imedyatman sèvis piblik yo bay 1,157 kliyan rezidansyèl ak ti komèsan epi pou aplike yon apwovizyonman altènativ ak yon plan rediksyon demann pou garanti sekirite ak kredibilite sistèm gaz la.

Si kondisyon yo nan akò a satisfè, PSC pa pral kontinye ak anilasyon sètifika operasyon National Grid la. Gen de òdonans anplis PSC louvri kont National Grid ki dwe rezoud ki annatant jistikasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)